

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan téh ciri hiji panalungtikan sarta mangrupa cara anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal. Métode leuwih nekenkeun kana stratégi, proses, jeung pamarekan dina milih jenis, karakteristik, sarta diménsi rohang jeung waktu tina data anu diperlukeun (Sudjana, 2011, kc. 52). Métode dina panalungtikan leuwih dipuseurkeun kana stratégi, prosés, jeung pamarekan dina milih papasingan, karakteristik, ogé diménsi rohang jeung waktu tina data nu diperlukeun (Sudjana dina Isnéndés, 1998, kc. 29).

Aya sababaraha jenis métode dina panalungtikan, nyaéta: (1) métode panalungtikan historis nu mangrupa kagiatan panalungtikan anu ngagambarkeun rupa-rupa hubungan anu lengkep antara manusa, kajadian, waktu jeung tempat sacara kronologis tur henteu sapotong-sapotong kana objék anu diobsérvasi. (2) Métode panalungtikan déskriptif, nyaéta panalungtikan anu nyaturkeun jeung nafsirkeun data anu miboga kajian jeung fakta, kaayaan, *variable*, jeung fénoména anu kajadian mangsa lumangsungna panaluntikan tur saayana. (3) métode panalungtikan ékspérimén, nyaéta métode anu nguji hipotésis dina wangun sabab-akibat ngaliwatan *pemanipulasian variable independen*, misalna nguji parobahan anu dibaluarkeun ku éta *pemanipulasian* (Agam, 2015 kc. 87).


Dina ieu panalungtikan, anu luyu tur bisa digunakeun nyaéta métode panalungtikan kualitatif déskriptif. Léngkah-léngkah anu digunakeun dina panalungtikan déskriptif, nyaéta: ngarumuskeun masalah, nangtukeun jenis informasi anu diperlukeun, nangtukeun prosedur dina ngumpulkeun data, nangtukeun prosedur ngolah informasi atawa data, tuluy dicindekeun hasil panalungtikanna.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain minangka téhnik anu digunakeun dina panalungtikan sangkan panalungtikan ngahasilkeun data anu diperlukeun. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan saluyu jeung métode panalungtikan anu dipaké nyaéta

panalungtikan déskriptif anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajéntrékeun peristiwa sarta kajadian. Léngkah-léngkah anu digunakeun dina ngalaksanaken panalungtikan déskriptif, nyaéta:

Bagan 3.1 Léngkah-léngkah Panalungtikan



3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta: studi pustaka, wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi.

3.2.1 Téhnik Studi Pustaka

Studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara nala'ah buku-buku ngeunaan sastra, budaya, ajén literatur, catetan, tur laporan anu aya kaitan jeung nu ditalungtik, diantaranya: *Kamus Istilah Sastra Sunda* (Iskandarwassid),

Lima Abad Sastra Sunda (Wahyu Wibisana, dkk.), *Pandangan Hidup Orang Sunda* (Suwarsih Warnaen, dkk.), *Teori Kesusastraan* (Rene Wellek & Austin Warren), *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan* (Koentjaraningrat), jrrd.

3.2.2 Téknik Wawancara

Wawancara mangrupa kagiatan meunangkeun informasi. Ku kituna, kamahiran anu ngawawancara pikeun ngagali informasi ti réspodén/narasumber kacida pentingna. Lian ti éta, bahan wawancara ogé mangaruhan kana maksimal henteuna informasi anu katarima. Sangkan wawancara bisa



Foto3.1 Wawancara jeung pupuhu Sanggar Seni Gapura Emas

Ke-Ka: Pa Eman, Pa Merwan, Kang Yoga, S. Mutiara.

lumangsung kalayan lancar tur ngahasilkeun jawaban anu objéktif, nu ngawawancara kudu nyekel pageuh kana étika wawancara, kaasup kana prosedur, syarat-syarat patalékan jeung syarat nu ngawawancara. Wawancara dilakukeun sacara langsung ka narasumberna. Narasumber dina ieu panalungtikan diantarana Pa Nanang ‘Lodra’ salaku pupuhu grup kasenian Calung Katresna, Pa Eman, Ibu Euis jeung Pa Merwan anu ngokolakeun sanggar seni Gapura Emas, jrrd.

3.2.3 Téknik Obsérvasi

Obsérvasi mangrupa cara ngumpulkeun data dumasar panalungtikan anu ngagunakeun indera panempo atawa indera pangrungu anu dilakukeun sacara langsung sangkan bisa meunangkeun gambaran anu réalistik tina kajadian anu ditalungtik. Dina ieu



Foto 3.2 Sanggar Seni Gapura Emas

panalungtikan, obsérvasi dilakukeun langsung di Sanggar Seni Gapura Emas, Kacamatan Nagrak Selatan, Kabupatén Sukabumi.

3.2.4 Téknik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa salasihiji métodeu pikeun ngumpulkeun data, pikeun ngarojong panalungtikan kaasup salasihiji média alat kaméra pikeun data poto, alat rékam pikeun ngarékam sumber lisan kagiatan wawancara ka para narasumber di lapangan.

3.3 Téknik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih satuluyna diolah ngagunakeun téknik: (1) analisis struktur puisi dina sisindiran, (2) analisis sawangan hirup urang Sunda, jeung (3) analisis ajén étnopédagogik.

3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Dumasar kana téknik-téknik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data sisindiran dumasar wangun, struktur, sawangan hirup urang Sunda, jeung ajén étnopédagogik;
- 3) Nganalisis data sisindiran dumasar tempat, sipat, wangun, struktur, sawangan hirup urang Sunda, jeung ajén étnopédagogik;
- 4) Ngadéskripsikeun data dumasar wangun, struktur, sawangan hirup urang Sunda, jeung ajén étnopédagogik;
- 5) Nyieun kacindekan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan miboga kaitan jeung kagiatan dina ngumpulkeun tur ngolah data. Instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu ngumpulkeun tur ngolah data ngeunaan *variable-variabel* anu ditalungtik. Dumasar kana téhnik panalungtikan, instrumén anu digunakeun nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

1) Studi Pustaka

Tabél 3.1

Daptar Buku anu dipaké dina Panalungtikan

No	Buku	Katerangan	
		Aya	Henteu
1	Kasastraan		
2	Kabasaan		
3	Kabudayaan		
4	Pangajaran		

2) Padoman Wawancara

Tabél 3.2

Padoman Wawancara

No (1)	Hal-hal anu ditalungtik (2)
1	Sanggar Seni Gapura Emas di Kampung Budaya.
2	Grup seni anu aya di Gapura Emas.
3	Pakakas anu aya di ieu Sanggar.
4	Tempat pagelaran kasenian.
5	Cara nulis téks sisindiran.
6	Pangaruh lingkungan dina nulis téks sisindiran.
7	Parobahan dina téks sisindiran ti taun ka taun.
8	Sipat sindiran anu dipintonkeun.
9	Ciri has téks sisindiran anu dipintonkeun.
10	Eusi sisindiran.

Tabél 3.3

Data Narasumber

Data Narasumber	
Wasta	
Umur	
Padumukan	
Pakasaban	

3) Padoman Obsérvasi

Tabél 3.4
Lembar Obsérvasi

No	Hal anu ditalungtik	Kondisi	
		Aya	Teu aya
1	Kaayaan di Sanggar Seni Gapura Emas		
2	Kapangurusan di Sanggar Seni Gapura Emas		
3	Perangkat seni nu aya di Sanggar Seni Gapura Emas		
4	Beundeulan téks sisindiran		
5	Kategori sawangan hirup urang Sunda tina téks Sisindiran		
6	Ajén étnopédagogik dina aya dina téks Sisindiran: a. rarakitan; b. paparikan; c. wawangsalan.		

4) Pakakas

Pakakas anu digunakeun dina ngadokuméntasikeun salila panalungtikan, nyaéta: (1) kaméra potu, (2) alat rékam sora. Kaméra potu anu digunakeun nyaéta ngagunakeun jenis kaméra HP (Version 2.0.66.0_160616). Alat rékam sorana ngagunakeun *Sound Recorder* (ASUSTek Computer Inc. All rights reserved Version 1.6.0.16_170629).

3.5.2 Instrumén Ngolah Data

Ngolah data mangrupa kagiatan mimiti saméméh ngalaksanakeun analisis kana data anu geus dikumpulkeun. Téhnik anu digunakeun dina ngolah data, nyaéta analisis katégori sawangan hirup urang Sunda, jeung analisis ajén étnopédagogik.

1) Kartu Data Katégori Sawangan Hirup Urang Sunda

Analisis katégori sawangan hirup urang Sunda ngagunakeun tiori Kluckhohn anu dirumuskeun dina lima masalah pokok kahirupan manusa. Ieu tiori tuluy dikembangkeun ku Warnaen jadi genep katégori sawangan hirup urang Sunda.

Tabél 3.5
Kartu Data Sawangan Hirup Urang Sunda

Kartu Data Sawangan Hirup Urang Sunda
Manusa ka Pribadina (MP)
Manusa jeung Lingkungan Masarakat (MM)
Manusa ka Alam sabudeureun (MA)
Manusa minangka mahluk Gusti (MG)
Manusa dina ngahontal kasugemaan Lahir (ML)
Manusa dina ngahontal kasugemaan Batin (MB)

2) Analisis Ajén Étnopédagogik

Sanggeus kapaluruh ngeunaan katégori sawangan hirup urang Sunda tina téks sisindiran anu ditalungtik, satuluyna bisa dianalisis ngeunaan ajén étnopédagogik anu nyangkaruk dina éta katégori.

Tabél 3.6
Kartu Data Ajén Étnopédagogik

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
1	Manusa ka Pribadina (MP)	- - -

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
2	Manusa jeung Lingkungan Masarakat (MM)	- - -

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
3	Manusa ka Alam sabudeureun (MA)	- - -

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
4	Manusa minangka mahluk Gusti (MG)	- - -

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
5	Manusa dina ngahontal kasugemaan Lahir (ML)	- - -

NO	Katégori	Nilai/Ajén anu kapanggih dina Téks Sisindiran
6	Manusa dina ngahontal kasugemaan Batin (MB)	- - -

3.6 Data jeung Sumber Data

3.6.1 Data

Inti tina hiji panalungtikan nyaéta kakumpulkeunna data atawa informasi anu satuluyna diolah atawa dianalisis tur hasilna diinterpretasikeun salaku kasimpulan panalungtikan. Data anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan, nyaéta téks sisindiran anu digunakeun ku sababaraha seniman. Téks sisindiran anu ditalungtik dikumpulkeun ti para seniman anu aya di Sanggar Seni Gapura Emas, Nagrak.

3.6.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan kabagi tilu, nyaéta:1) sumber data informan, 2) wewengkon/tempat panalungtikan, sarta 3) téks sisindiran anu bakal dianalisis. Data bisa dihasilkeun tina literatur (studi pustaka) sarta bahan bacaan (buku, majalah, jeung surat kabar), waktu ngumpulkeun katerangan ti pihak-pihak anu mikanyaho garapan masalah dina panalungtikan, panalungtik langsung ka objék nu rék ditalungtik, sarta pangujian di lapangan atawa laboratorium.


Tiap panalungtik mikabutuh ku pamarekan, tiori, jeung literatur anu cocog. Ciri has tiori anu digunakeun bisa ngabédakeun jeung panalungtikan séjénna. Ku kituna, panalungtikan anu dilakukeun téh lain duplikasi. Dina


panalungtikan mibutuhkagiatan kapustakaan jeung lapangan pikeun ngabuktikeun sacara tioritis tur émpiris.

1) Informan

Nu jadi informan dina ieu panalungtikan aya tilu narasumber, nyaéta: Pa Nanang alias Lodra, Pa Merwan, Téh Neneng anu diwincik dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.7 Data Informan

NO	Wasta	Umur	Pakasaban	Keahlian
1	Nanang, S.Pd., M.Si. 	52 th	PNS di SMP 1 Nagrak	Pupuhu, Calung ka -1
2	Merwan Meryaman	39 th	<ul style="list-style-type: none"> - Guru Muatan Lokal Karawitan di SMPN 1 Nagrak. - Guru SBK di SMP Budhi Mulia Nagrak. - Guru SBK di SMK Budhi Mulia Nagrak. 	Seksi latihan seni karawitan: penggarap, pencipta tur palaku seni pertunjukan bidang karawitan.
2	Neneng Meliyani	35 th	Guru di SDN 3 Nagrak	Humas tur palatih di Sanggar Seni Gapura Emas.



2) Wewengkon/Tempat Panalungtikan

Kacamatan Nagrak diwangun ku hiji kalurahan sarta sapuluh désa anu ngawengku Kalurahan Nagrak, Désa Nagrak Selatan, Désa Balekambang, Désa Cihanjawa, Désa Babakan Panjang, Désa Darmareja, Désa Kalaparea, Désa Pawenang, Désa Nagrak Utara, Désa Cisarua, Désa Girijaya.



Foto 3.3

Peta Administrasi Kecamatan Nagrak

Désa Nagrak Selatan anu dijadikeun lokasi panalungtikan.



Profil désa nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan ngawengku hiji désa, nyaéta Désa Nagrak Selatan. Jumlah penduduk Désa Nagrak Selatan aya 6.767 urang, legana 250.000Ha. Désa Nagrak Selatan diwatesanan ku Désa nagrak Utara belah kalér, di belah kidul diwatesanan ku Désa Balekambang, Désa Babakan Panjang di belah wétan, jeung Désa Cisarua belah kulon. Désa Nagrak

Selatan kabagi kana opat dusun, nyaéta Nagrak Kaum, Nagrak Tengah, Nagrak Wétan, jeung Cikukulu. Aya 34 RT jeung 8 RW.

3) Téks Sisindiran

Téks sisindiran anu ditalungtik dikumpulkeun ti Sanggar Seni Gapura Emas. Sisindiran anu aya kabagi kana dua jenis, nyaéta rarakitan jeung paparikan. Sisindiran dumasar tempat kabagi kana tilu, nyaéta: (1) sisindiran di sabudeureun sakola, (2) sisindiran di sabudeureun hajat nikahkeun, jeung (3) sisindiran di sabudeureun hajat nyepitan. Sisindiran dumasar sipatna kabagi kana tilu, nyaéta: (1) piwuruk, (2) silih asih, jeung (3) banyolan/sésébréd.